# Yàlla mu kawe mi day wax ki gën a woyof mbugal ci waa sawara ëllëg bis-pénc: boo moomoon li ci suuf lépp ndax danga ko jote sa bopp? Mu ne: waaw

Jële nañu ci Anas ibn Maalik yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «Yàlla mu kawe mi day wax ki gën a woyof mbugal ci waa sawara ëllëg bis-pénc: boo moomoon li ci suuf lépp ndax danga ko jote sa bopp? Mu ne: waaw, mu ne ko: bëggoon naa ci yaw lu gën a néew loolu, fekk yaa ngi ca ndiggal Aadama, mooy nga bañ maa bokkaale ak dara nga lànk ne danga ma bokkaale ».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne Yàlla mu kawe mi dana wax ki gën a néewle mbugal ci waa sawara ginnaaw ba ñu ca duggee: boo moomoon àdduna ak li ci biiram ndax danga ko jote sa bopp ci mbugal mii? Mu ne ko: waaw, Yàlla ne ko: sàkku woon naa ci yaw digal la lu gën a yomb jamono ya nga nekkee ca ndigal Aadama te mooy nga bañ maa bokkaale ak dara; ba ma la génnee yóbb la àdduna nga lànk di ma bokkaale.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee